Соколёнок

6/2013

# Лачен

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ





Заид Хаджиев

# ЦIияб сон



Барка, барка, ЦIияб сон,
ЦIияб рохелгун щвараб.
Хвашгелди, ЦIорол дада,
ЦIияб талихIгун щварав!

РачIа, лъимал, кьурдизин,
Кьабун гIодор хIатIалгун,
Кьерал гьарун свердизин,
Цоцазул квералги ккун.

ГIурччинаб кIвелекIалда
ГIегIучал чвархъе абе,
ГIаркьалабазда чIарал
ХIанчIи чIичIиде абе;

НакIкIил гъотIол тIогьиса
КIватI-кIватI тIуризабизе,
ГъотIолги гвангриниса
Гванга лъутизабизе.

Барка, барка, ЦIияб сон,
ЦIияб талихIгун щвараб!
Хвашгелди, ЦIорол дада,
ЦIияб рохелгун щварав!



## ХIажи Гъазимирзоев

# ЦIоролдада

Севералъул чангъида
Лъабго гьоролчуги бан,
Бухъулаго, хъвалаго
ВачIая, ЦIоролдада.

Цадахъ босе, кIочонге,
Севералъул гIазу-цIер,
Нижер мугIрул рахчизе
Керчаб накIкIил буртина.

Дуй гьоболлъи гьабизе
Лъимал хIадурго руго.
Рукъ бакьулъ ёлкаги лъун,
Духъ балагьун чIун руго.



Азаркьерал чирахъал
Дур магжида кенчIела,
Нус-нус расанди гьабун,
Дуй чIалгIине теларо.

Жеги дуда рагIичIел
КучIдулги дуй ахIила.
Дуда хадур мухъ гьабун,
Ёлка сверун кьурдила.

Мун гьоболлъухъ вачIине
Лъимал гIащикъго руго.
Лыжабигин конькаби
ГIодор лъун хутIун руго.

# ГIазул гIадан



Азбаралда лъималаз
ГIазул гIадан гьавуна.
ГIадалтIа ведроги лъун,
Гьесий тIагъур гьабуна.

ТIагъур лъураб гIолебищ,
Берал хIажалъиларищ?
Берцинаб дунялалъухъ
Валагьизе ккеларищ?

Рахнал гIоркь тункарабго
КIиябго бер лъугьана,
Гъурмада кIалалда тIад
КIудияб мегIер гъуна.

ГIазул чиясда гIундул
Гъезе кIочарал лъимал,
Сордо лъикIан гьебги тун,
Рокъо-рокъоре ана.

Радалалде гIазул чи
Азбаралъув ватичIо,
Къаси хинаб гьороца
Гьев восун ун ватана.

Лъимал пикрабалъ руго
Киведай гьев анаян.
КIодо елъулей йиго
Ведро гъоркьго тун бугин.

Мухlамад Хириясулаев

# Гургинаб дунял



НижергIан гьитIинаб росу сверухълъиялдаго батиларо. Амма нижергIан чIахIиял мугIрулги, гIатIидал харибакIалги, хасалоцин гIазу тIад лъалхъуларел бакълъалги, байилал мучIдулги цониги росдал гьечIилан чIола чIахIиял чагIи. БукIани щибха, ракьуе гIоло дагIба къотIараб къо къанагIатги росулъ букIунарелъул. КIудица абула щивасе къваригIунила бищунго гIагарда, бищунго байилаб бакIалдаса хер бецизе, бищунго гIагардаги бищунго беэнабги хур бекьизе. Гьеле гьеб гIилла бугила гIагарлъиялда гьоркьоб кьвагьагIанхи гIемерлъиялъе.

Гьале жакъаги кIудиги дунги рагъидул рагIалда гIодор чIун руго. Росдал тIасияб авалалда ахIи-хIуралда дагIбадулезул гьаркьал нижедаги рагIулел руго. Гьелъ рахIат хвезабун бихьула дир кIудил. Дие бокьун буго дагIбадулезул ургъалида ва пикрабазда вугев кIудил рекIее бигьалъи ккезе ва, кинаб букIаниги хабар бицинеги тIамун, гьесда гьеб кIоченабизе.

- КIуди, кIудияб росулъ жеги цIикIкIун букIунеб батила ракьалъе гIоло дагIба. Гьенир гIадамалги гIемер рукIунелъул, рикIкIаде хер бецизе хьвадизеги ккolелъул, - ан абуна дица.

- КIудияб росдал гIадамазул гIакълуги кIудияб букIуна, дир тIинчI, - анги абун, угьун хIухьел босана кIудица. – ХIелкал гIадин гIедегIун кIанцIезе лъугьунаро дол.

- Нилъерал щайха, кIуди, гьадинал ругел?

- Гьадинал гуро, дир вас, гьел ругел – кIвахIалал руго. Бажари гьечIел руго. Гьеб буго киналъего балагьлъун лъугьун.

Кинго кIолеб букIинчIо кIудил рекIее бигьалъи гьабизе. КIолеб букIинчIо дир суалазда гьев жакъасеб хIакъикъаталдаса тIезавизе. Гьесда росулъ лъугьун бугеб хIакъираб ахIвал-хIал кIоченабизе. Циндаго дун цIакъ вохана.

БотIролъе бачIана цIакъаб пикру. Гьанже бажарилин дида дагIбарагIиялъул гьаркьаздаса рикIкIаде гьав вачинеян ккана дида ва кIудие суал кьуна:

- НекIо, ракьалда гIадамал дагьаб мехалъ гIолеб букIун батила, кIуди, киназего бакI.

КIуди дихъ валагьана. Гьесул гьурмадаса дагь-дагьккун рукIкIелал рикIкIалъана. КIутIбузда гьими кунчIана. Гьес дир киналго пикраби цIалулел рукIана. Гьелдаса разиго вукIана кIуди.

- НекIоги гьебго жо букIун бугоха, дир вас, - ан квер хьвагIана гьес.

- Кинха гьеб букIараб? – ан тIаса вичIичIо дун. – Бицеха, кIуди.

Кидаго гIадин гIонсоца тIохда мухъалги рахъулаго кIудица байбихьана.

# НекIо заманалда



НекIо заманалда, дунял бижун миллионищ, жеги дагьищ, дагьалги гIемер сонал аралищ лъаларо, лъалев чиги гьечIо. Гьеле гьеб мехалъ бакъул бухIи азарцIул цIикIкIараб букIанила. БитIахъе гIадал нах гьалдезабизе бахъунаанила гьелъ. Хасалил цIоройги цIакъго цIикIкIараб букIарабила. Бащдаб дунялго цIорокь тIупизабулаанила гьелъ. БецIал накIкIаз тIаде тIупан тIураб гIадин цIалтун чвахулаанила цIад. ЦIур-цIуриялда пулеб гьороца гьаргьадизабулаанила зоб-ракь. Кьолболъа рахъун рахъ-рахъалде рехулаанила гъутIби. ГъотIода пири речIчIун, рохьоб рекIараб цIа анцIго соналъги букIунаанила беролеб, бихьулбещинаб бакI бухIичIого чIеларин лъугьараб гIадин. ГIасиго багъаризабун, гьанкIезабун кIобокIулеб ракь кьватI-кьватIизабун, тIутIун балаанила вулканаз. Майдан бугеб бакIалда мегIер лъугьунаанила, мугIрул ралъдал тIиналде тIерхьун унаанила.

Зодорги гIодорги цурал гIалхул жанаварал рукIунаанила доб мехалъ ханлъи гьабун ракьалда тIад. 30-40 метраялде бахунаанила гьезул халалъи. Гьелдаго рекъараб къуват чорхолъги, ццин рекIелъги лъурал гьел жанаваразул гьаркьихъе кьураби рихъулаанила. Гьеле гьеб гIасияб захIматаб заманалда Аллагьасул хIалкIолъиялдалъун ХIаваги Адамги ракьалде рещтIанила, ракьалда тIад рокьудалъун гIумру байбихьанила.




Адамил наслуялдасан лъугьарав кIиго вас вукIанила. Цоясда цIар Хъап букIанила, цогиясда цIар ТIап букIанила. Жив цIакъавин цояв чIун, жив лъикIавин цогияв лъугьун, лъикIаб ракь жиндие букIине кколин цояс абун, асда цояв разилъичIого кьалде ранила Хъапги ТIапги. ТIубараб дунял гIечIила гьезие цадахъ рекъон хIалтIизе, хIалхьиялда гIумру гьабун хьвадизе. Вацазул хIукму кканила можоро тIамун тIолабго ракь кIиясдаго гьоркьоб бикьизе. Гьедин гьабизеги гьабунила. Хъапие щванила дунялалъул бакьулъа байбихьун бакъбаккудехун ругел ракьал. ТIапие кканила бакътIерхьудехун ругел ракьал.

КIийиде бикьараб ракьул гIурхъиги цIунун гIумру гьабизе байбихьарал вацазул бецизесеб яшавго лъугьунеб букIинчIила. Гьезул аслияб квенлъун букIанила гIалхул пихъ, чIахI-хер, чIвараб чанил гьан.

Лъим кIанцIун, цIа рекIун, кIудияб цоги балагь ккун Хъапил пихъ бакIаризе кIвечIони, щиб кваналебали лъаларого вакъун хутIулев вукIун вуго гьев. Гьебго заманалда ТIапил рахъалда живгоги гIорцIун хъизанлъималаздасаги тIокIлъун тIаса гIодобе гъун, гъутIбузул рагIдукь гIадада туризе хутIулеб букIун буго пихъ. ТIап чан гьабизе вахъани, Хъапил рахъалде лъутун, Хъап чанаве вахъани, ТIапил рахъалде тIурун кквезего чIолел рукIун гьечIо сихIирал чундулги. Дандиясул гIурхъи бахине бегьуларелъул лъутун жидедасаго ратIалъарал ва чияраллъун лъугьарал чундузда бахиллъун, хадуб ракIбухIун, ралагьун хутIулел рукIун руго вацал...

Гьале гьаб бакIалда хабарги гьоркьоб къотIизе тун, кIуди цо щибали ракIалде щвараб гIадин, дихъги валагьун, сихIирго гьимана.

- Дунял гургинаб жо букIин лъалищ дуда? – ян гьикъана гьес циндаго.

- Лъала, - ян абуна щибго бичIчIуларев дица.

- Кисан лъараб?

- Щуабилеб классалдаса Камилица бицунха, кIуди.

- Гьеб гургинаб букIин тIоцебе лъарав чи лъалищ?

- Лъала, кIуди, гамитIаги рекIун тIоцебе дунял сверун сапар гьабун рагIула Магелан абулев чияс.

- Гьебги Камилицайищ дуда бицараб?

- Уха, кIуди, лъикIав вас вуго Камил.

- Лъай бугев вас рагIула гьев молодец. Амма Магелан гьавилелдего рукIун руго, дир вас, дунял гургинаб букIин лъалел чагIи.

- Щалха, кIуди гьел?

- ТIад руссинин нилъецаго гьоркьоб къотIизе тараб харбиде. Гьенибин бугеб дур суалалъе жаваб.

Гьединги абун кIуди жиндирго харбиде вана.

# Дунял гургинаб букIин тIоцебе лъида лъараб

... Цо пуланаб къоялъ, цого заманалда кIиявго вацасул пикру кканила цогиясул ракьалде жиндирго чундул лъутуларедухъ чан гьабизе.

«БакътIерхьудехун тIуризабиларо дица чан, дирго бакъбаккудехунги бекеризабун кквела. ТIапил добе инаредухъ», - абун кканила Хъапил пикру.

«Хъапил ракьалдехун бакъбаккудехун гуреб дирго бакътIерхьудехунги тIуризабун кквела чан», - абун хIукму къотIанила ТIапицаги.

Гьеб къоялъ вацал чанаре рахъанила. Бакъбаккудехун чанги сверун гьелда хадув Хъапги лъугьанила, бакътIерхьул рахъалде хъамун ритIучIгун ТIапги хадув анила. Цере ритIучIал тIуранила, хаду-хадур вацал анила. Анила цо къо, анила цо анкь, анила цо моцI, амма цонигиясухъе чан щоларила. Хъапихъе чан щун батилин, жив гьесдаса къадаравищан ТIап анила ритIучIида хадув. ТIапихъе чан щун батилин, жив гьесдаса къуравищин Хъап векеранила лъутун унеб ритIучIалда хадув. Гьедин сверулел рукIанила моцIал. Унел рукIанила лъагIелал...

Унаго, толаго Хъапида бихьанила жиндирго ритIучIалде данде бачIунеб цоги ритIучI. Жиндирго ритIучIалде данде доб рахъалдасан бачIунеб ритIучI ТIапидаги бихьанила. КIиябго ритIучI дагьалъ цоцахъ балагьизе лъалхъанила, цинги цоцазда дандеги рекерун, мацI бахъун, чIикIардизе, унтиларедухъ лълъурдул тенкезаризе, расандизе лъугьанила. Гьел рукIанила кIиявго вацас цояб бакъбаккудехун, цогияб бакътIерхьудехунги тIуризабун, цоцаздаса батIа гьарурал бацщакаби. КватIичIого Хъапида ТIапги вихьанила, ТIапида Хъапги вихьанила. Ракъиялъги къечалъги, къулчIанщинаб захIматалъги ракIал хIеккинарун ругел гьел хIеренго цоцахъ ралагьун хутIанила. Хадур дандеги рачIун, кверал росанила, къвалал ранила ва цадахъ чIезе къотIи гьабунила. Гьез жалго дандчIвазе кумек гьабурал, вацлъиялъул гьуинлъи кинаб букIине кколебали бихьизабурал ритIучIал, кигIанго ракъун рукIаниги – чIвачIила, эркенго цадахъ рукIаян танила.

Рохалил магIуги чвахулаго ТIапица абунила:

- ТIаса лъугьа, вац, гIемер янгъизлъи лъана мун ватIалъаралдаса, - ян.

- Мунги тIаса лъугьа, вац, гIемер язихълъи бихьана дунго цохIо лъугьун дунял сверулаго, - ян абунила Хъапицаги.

Цинги рекIеда ватарав гIадин кIалъанила ТIап:

- Дун дирго рахъалде ритIучI хъамулев вукIана.

- Гьелъул гIаксалда дунги вукIана дирго рахъалде ритIучI хъамулев.

КIиявго вац тамашалъун хутIанила.

- Гьедин батани нилъ кинха данделъарал? – ан абунила ТIапица.

- Дунял гургинаб жо букIун буго, - ян рекIеде вачIун гьиманила Хъап.

- Дунял гургинаб букIун буго, дунял гургинаб букIун буго! – ян цадахъ такрар гьабунила жидецаго тIатинабураб тIабигIаталъул гIелмуялъул кIодолъиги кIварги жеги бичIчIуларел Хъапицаги ТIапицаги.

Гьаб бакIалда хабарги лъугIизе тун кIуди тIаде вахъана ва болъодаса гIодове, кавудухъе лъугьана.

- Мун киве, кIуди? – ян ахIана дица гьесда хадуб.

- Гьадал чIахIие гIоло хIапдолел гIабдалзабазда дунял гургинаб жо букIин бичIчIизабизе унев вуго, - ян -жавабги кьун, дагIбадухъаби ругеб авалалдекIудигиана,гьесултIингъида тIад вегун, рагъидул рагIалда дунги хутIана.

# КЬОРОШИБ КОЧIОЛ БАЙРАМ




МагIарул маданияталда, адабияталда, таварихалда ва умумузул гIадатазда хурхарал тадбирал тIадегIанаб даражаялда тIоритIизе кIудияб хIалбихьи щун буго ЧIарада районалъул Кьорош росдал гьоркьохъеб школалъул мугIалимзабазе ва цIалдохъабазе. Щибаб гьединаб дандеруссин республикаялъего кIвар бугеб тадбирлъун лъугьуна гьеб лъикI гIуцIун букIиналъ. Мисалалъе босизин араб 2012 соналъ Кьорош росдал школалда тIобитIараб «Авар мацIалъул байрам». Гьеб магIарул мацIалъул къо тIобитIизе рачIун рукIана: Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул Союзалъул председатель, халкъияв поэт МухIамад АхIмадов, Дагъистаналъул гIелмияб централда цебе бугеб МацIазул, литератураялъул ва искусствоялъул институталъул директор, филологиял гIелмабазул доктор, профессор МухIамад МухIамадов, рикIкIен гIемерал гIалимзаби, хъвадарухъаби ва журналистал. «Авар мацIалъул байрамалда» хIурматияв гьоболлъун вукIана Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул жавабияв секретарь, «Москваялъул литератор» газеталъул бетIерав редактор Иван Голубничный.

Гьанир рехсарал цIараздасанго бихьулеб буго Кьорош школалда букIараб доб данделъиялъул даража.

## Дагьабги лъикI ана

Дагьабги лъикI анин абизе бегьула исана гьебго школалда тIобитIараб ГIумархIажи Шахтамановасул юбилейги. Байбихьудаго бицине бокьун буго вокьулев шагIирасул юбилеялде Кьорош росдал лъималаз гьабун букIараб хIадурлъиялъул. ЧIахIияз гIисинал хисун, васаца ясал хисун, унго-унгоял артистаз гIадин цIалулел рукIана гьез, рекIехъе лъазарурал Шахтамановасул кучIдул. Пандурги босун, гьез ГIумархIажил кучIдул ахIулеб куцалъ би-

цунеб букIана поэтасде ракьцоязул рокьиги адабги букIиналъул. Гьелдасан бихьулеб букIана кIудияв шагIирасул цIарги, гьесул творчествоги чIахIиязго гIадин гIисиназги цIунулеб букIин. Ва бачIана пикру: Къарахъ цогIаги чи вугебгIан мехалъ ГIумархIажи гьанив кIочене гьечIин.

Гьанже рачIинин чIахIияздеги.

ГIумархIажил юбилеялде ЧIараде рачIун рукIана: Хъвадарухъабазул Союзалъул секретарь, «Гьудуллъи» журналалъул редактор МухIамад ПатахIов, поэт МухIамад Хириясулаев, хъвадарухъан ГIайшат ГIалиева, шагIир ГIайшат Малачиева ва гь.ц. ХIурматиял гьалбадерида гьоркьор рукIана гIалимзаби, журналистал, жамгIиялгун искусствоялъул хIаракатчагIи.

Данделъиялда ГIумархIажил творчествоялъул борхалъиялъул ва гIун бачIунеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьеялъе, гьелъул кIваралъул бицун, цеве вахъана филологиял гIелмабазул доктор, профессор МухIамад Ибрагьимович МухIамадов. ГIумархIажи Шахтамановасулгун рукIарал ракIалдаса унарел дандчIваязул бицана «Лачен» журналалъул редактор МухIамад Хириясулаевас, Авар театралъул художествияв нухмалъулев ХIайбула ГIабдулгъапуровас ва цогидазги. ШагIирасул асараз жидеего гьабулеб асаралъул бицана поэт КъурамухIамад МухIамадовас, ГIайшат Малачиевалъ, ГIайшат ГIалиевалъ ва цогидазги.

Юбилеялъулаб дандеруссиналде рачIарал ЧIарада районалъул нухмалъулез, гьалбадерица ва Кьорош росдал вакилзабаца ракI-ракIалъул баркала кьолеб букIана гьединаб гьайбатаб байрам гIуцIизе хIаракат бахъарав Кьорош школалъул директор Хизрибеков ХIасание, авар мацIалъул мугIалим МухIамад Камиловичасе ва тIолалго школалъул мугIалимзабазеги цIалдохъабазеги.

Гьанир рехсезе мустахIикъал руго вечералда жигараб гIахьаллъи гьабурал чIарадисезул кочIохъаби: Супайнат ХIасанхIусейнова, Раисат Халикъова, Сулейман Мусаев, Рисалат Къулдуева, ГIумар Тахиев ва гь.ц. Гьезда гьоркьой курхьеналда нагIли гIадин йикIана цIакъго махщалида вечер бачарай Дагъистаналъул мустахIикъай артистка ва поэтесса Жавгьарат ХIасанхIусейнова.

Кьорош росдал лъималазе кIочонареблъун хутIана гьеб рохалилаб къо.



*С.Я. Маршак*
*«ТоргIо» КучIдул*



Редактор М. Хириясулаев
Худ. редактор З. Даганов
Техн. редактор Т. Лузина

Подписано в печать 25.11.2013г.
Усл. печ. л. – 1
Тираж 1835 экз.



# ТОРГIО

КIиго релъен
ТIад бахараб,
КIиго кIаркьен
Гьелъ белъараб;
БагIар кьераб,
ГIурччин кьераб,
ТоргIо буго
Дие кьураб.

БурутI гIадин
КIанцIохулеб,
КIерт кинигин
Бекерулеб,
ХIетI гIедераб,
Тагьи гIадаб
ТоргIо буго
Дие щвараб.

РачIа лъимал
Азбаралде
Дир берцинаб
ТоргIо хIазе.
Дунго, дунго
ХIазе гуро
Гьеб расанкIа
Босун бугеб.





Гьадин гIаданлъи гьечIел
ГIадамал рихьичIила,
Гьадин адаб лъалареб
Лъимерго рагIичIила.

СапарчагIаз гьабулеб
ГIайибалдаса хIинкъун,
Гьанжесала кIиялго
РекIана гьал хIамида.

Данде ккарал нухлулал
Хадур ралагьун чIана,
РекIаразде гIемераб
ГIайиб чIвазе лъугьана:

«Бераздаги бихьичIо,
Бицунебги рагIичIо,
ГьадигIан рахIму гьечIел
ГIадамал рукIунилан.

КIигоял рекIун руго
Цо хIалакъаб хIамида,
ХIакъикьа хIинкъуларел
Гьазул рахIму гьечIолъи...»

ХIакъалдасаги цIикIкIун
ГIайибаздаса хIинкъун
ХIамидасаги рещтIун
Лъелго ана гьанже гьал.







Дица хIетIе
Тункарабго,
ТоргIо буго
Гирун унеб;
Дир хирияб,
Нижер лъикIаб,
Лъутулеб щай
Мун дидаса?..

Ана торгIо
Гирун, гирун,
Гор кинигин
Каву бахун,
Хадув гъезе
Дун течIого,
Тай киниги
КIанцIолаго.

НикIкI речIчIараб
Бече гIадин,
Чияр къватI ккун
ТIурана гьеб.
Чан чи хадув
Лъугьаниги
Лъихъениги
ЩвечIо кквезе.





КӀудияв чиги вуго,
ХӀама цебе къотӀулев
ТӀилгун цо васги вуго.

Гъел рихьарал нухлулаз
Херасде гӀайиб бана:
Гъадинаб жо бихьичӀин,
Бицунебги рагӀичӀин.

КвергӀанаб гӀечӀеб лъимер
Вилълъанхъизеги тӀамун,
ХӀамида рекӀун унев
КӀудияв чи, чи гурин.

Гъезул хабар рагӀидал,
ГӀайибаздаса хӀинкъун,
ХӀамидаса кӀудияв
КӀанцӀун гӀодой рещтӀана.

КӀутӀун кодове восун,
Вас хӀамидаги лъуна,
Бугьтан лъей лъикӀаб гьечӀин,
Лъелго цевехун ана.

Гъанжеса данде ккарал
Нухлулал хаган руго,
Херавги вилълъинавун,
Вас рекӀун унев вугин.

Гъедин адаб гьечӀев вас
Гъавизего кӀваричӀин,
Нагагьлъун гъавуниги,
Гъев хьихьун пайда щибин?





КъватI бикьулеб
Сверуде щун,
Светофоралъ
Нух къаниги,
Ана торгIо...
Тохлъукьего
Таксиялда
Гъоркье ккана.

Гьанже буго
ГьакIкIан кIалгун,
Гьакибурдул
ТIасан араб,
Ахирисеб
ХIухьелги цIан,

ЦIан рухI бахъун
Холеб торгIо.

ТIаде щварав
Дада вуго
Диде вуссун
ГIакълу кьолев:
«Гьедин ккола
Светофоралъ
Малъухъе нух
БахичIони».





Дагьабго заман индал
Эбел картIихъе щвана,
Кетоги тIурун буго,
ТIинчIги кинида гьечIо.

Духъа щибго кIваричIин
КIалъалеб буго гIала, -
КIудияб жо кколарин
Кинидахъ кечI ахIизе.

ГIонкIкIол картIихъе бачIун
ХIихIидун буго гIала:
«ГIонкIкIотIинчI, мун кьижани,
Рикьи цIун кIалцIи кьела».

ГIакълу гьечIеб тIанчIица
ЧIухIараб жаваб кьуна:
«Дур хIихIиди рагIидал
ХIурухъ ана дир макьу».

Гьанже тату хвараб гIункIкI
ГIемер бекерахъдана,
Кинидахъ кечI ахIизе
Кинго щивго щоларо.

Ахир тату хун ккедал
Катида гьари бана:
«ГьитIичалъул кинидахъ
КечI ахIизе бачIа», - ян.

ГIонкIкIол картIихъе бачIун,
КечI ахIана катица:
«Мивур, мавур, хирияб
Хехго кьижа, дир кьарач».

ГIакълу гьечIеб тIанчIица
Данде жаваб гьабуна:
«ДургIан гьуинаб гьаракь
Жеги рагIун букIинчIо».





# ЦО ГІАДАЛАБ ГІОНКІКІОТІАНЧІ

ГІункІкІ буго гьитІичалъе
Кинидахъ кечI ахІулеб:
«Кваназе мугьги кьела,
Кьижа дир хирияб тІинчІ».

ТІанчІица жаваб кьуна:
«Кьижизе кІолеб гьечІо,
Дур тІеренаб гьаркьихъе
Макьу бачІунеб гьечІо».

ТІанчІил кини кІикІизе
Кумек къваригІун бугин,
Къоркъохъе араб эбел
Эбги бачун буссана.

ГІонкІкІотІанчІий къоркъоца
Къва-къва бачун ахІана:
«Дуда кьижизе кІвани,
КІкІурби кьела кваназе».

ГІантаб къоркъотІанчІица
ЧІухІун жаваб гьабуна:
«Дида дур чІамучІаб кечI
ЧІалгІун буго, нахъе а».

Гьанжеса эбелаб гІункІкІ
ГІалаялъухъе щвана:
«Щиб бокьаниги гьаре,
Гьабе дир тІинчІ кьижизе».








# Милица – хъачагъал

Милица - хъачагъал хIалаан цоцаздаса рахчизе санагIат бугеб бакIалда. Масала, аскIор гьорал, бокьал ругеб бакIалда. Гьенир аскIор тIощалил гIаралги ругони, гIаразда гьоркьор рахчаризе бакIал рукIунелъул – гьеб букIунаан хIазе бищунго лъикIаб бакI. ХIай байбихьулаго киналго гIахьаллъулел лъимал горсверун чIола. ХIаялъул бетIерас (судияс) рикIкIине байбихьула «амила-замила». Гьале гьадин рикIкIуна гьеб: «Амила, замила, зинкIила, минкIила, гIалим, палим, панкIу, ланкIу, нахъе босе, гъолол, гIучI».

Амила-замила рикIкIуна, щибаб рагIи абулаго иргадал гор гьабун чIаразда кверги кIутIун. КечI лъугIидал ахирисеб (гIучI) рагIи абулаго квер кIутIарав горсверулъа нахъе витIула хъачагълъун. ХутIаразда добго куцалъ, рагIи абунщинахъе цоцо лъимада кверги кIутIун, рикIкIуна добго кечI. Ахирисеб рагIи абулаго квер кIутIарав, гьаб нухалдаги хъачагълъунги лъазавун, горсверулъа нахъе витIула. Гьебго жо такрар гьабула горсвери букIараб бакIалда цо лъимер хутIизегIан. Гьев ахиралда хутIарав лъугьуна милицалъун. Бадиб тIагъурги чIван, букIдихъехунги вуссун, чIезавула гьев судияс. Гьеб заманалда киналго хъачагъал рахчизе уна рахъ-рахъалдехун. Цинги судияс милициясул бадиса тIагъур нахъе босула ва буюрула хъачагъал кквезе айин. Милицияв гьоразухъе, бокьазухъе, бецIалги балъгоялги бокIназухъе ваккарула.

Цониги хъачагъ ватун милициясухъе кквезе щвани, хIай лъугIула. Кквезе щварав милицалъун тIамула. Милицалъун вукIарав вас хъачагълъун лъугьуна. ЦIияв милицияв бадиб тIагъурги чIван, къададехун вуссиндал, гьев хъачагъги уна вахчизе. Цинги цIияв милицав лъугьуна хъачагъазда хадув. Цониги чи гьесухъе кквезе щвани, дов лъугьуна милицалъун, милицалъун вукIарав хъачагълъунги лъугьинарищха. Гьедин чIалгIинегIан уна хIай. Бергьаравлъун рикIкIуна милициясухъе кквезе щвечIев щивав хъачагъ.






## Ингердахъа кагъат

Редакциялде рачIарал кагътазул хал-шал гьабулаго, гьениб батана ГIахьвахъ районалъул Ингердахъ росулъа учитель Шагьрудин Къурбановасул кагъат. Араб соналъго редакциялде щвараб гьеб рисалат, кинан батаниги, тIаде ккечIого архивалда хутIун бугоан. Гьеб нижер гьалатIалдаса тIаса лъугьаян Шагьрудинидаги гьарун, гьаниб кьолеб буго гьелъул къокъаб хIасил.

«Дун вуго Ингердахъ гIаммаб лъай кьеялъул гьоркьохъеб школалъул «Авар адабияталъул» мугIалим. Школалда гIуцIараб литературияб кружокалъе нухмалъиги гьабула дица. Нижер цIалдохъабазул кучIдул рахъула «ХIакъикъат» газеталдагун «Лачен» журналалда...». Хадубги Шагьрудиница бицунеб буго авар миллаталъул маданиятги таварихги лъазабиялде жидецаго кьолеб кIваралъул, тарихиял бакIазде гьарулел сапаразул, тIоритIулел батIи-батIиял къецазул ва цогидалги тадбиразул. Жидерго школалъул лъикIал ишазул бицун хъвараб кагътида цадахъ Шагьрудиница редакциялде ритIун рачIана Ингердахъа цIалдохъабаз хъварал кочIолал асаралги.

## Дие эбел йокьула

Дие эбел йокьула
Бищунго гьаб ракьалда,
Дидехун рокьи бугей
Дир тIалаб-агьаз бугей!

Эбелалъ дун куцала
Камилго хIисаб гьабун,
Гьабу-толелда хадуб
Толаро хал ккечIого.

Гьаракь борхараб кIалъай
Гьелъул дида рагIичIо,
Бер букIкIараб балагьи
Гьебги дида бихьичIо.

Дица кидаго, эбел,
Дур адаб рехиларо;
Абурабги гьабила,
Гьикъарабги бицина.

*Къураев Сайпудин, 10 класс.*

# Йиго дир эбел

**Дуца дие кьуна тIолго цIодорлъи,**
**Дуца дие кьуна тIолго гIакъиллъи,**
**Кинидул мокъиде тIадеги къулун,**
**Рицана маргьаби, ахIана кучIдул.**

**Кинабго берцинай йиго дир эбел!**
**Кинабго рекъарай йиго дир эбел!**
**Диеги йокьулей, дунги йокьулей,**
**Кьеги, эбел дуе дурусаб сахлъи!**

***ГIабдулгIазизова ГIаишат, 9 класс.***






Дие цIакъ бокьула
ГIагараб школа:
ГIелмуялъул кIалгIа,
Лъаялъул къулгIа.
ЛъикIал гьудулзаби
Гьанир ратана,
Гьезулгун гьудуллъи
Гьаниб бижана.

Бокьула, бокьула
Хирияб школа,
Эбел-эмен гIадал
МугIалимзаби.
Гьез малъараб лъаялъ
Куркьбал гъурал ниж
Роржина гIумрудул
Рорхалъабазде.

## БОСИЛА ДИЦАГИ ДУДАСА МИСАЛ

Диналъул нух ккурай, гьелда тIад чIарай,
ТIолабго нижеда малъулей эбел.
ГурхIел-хIалимлъиялъ йосарай эбел,
Босила дицаги дудаса мисал.

ЗахIмалъаби раччун, къварилъи къулчIун,
Ургъел дир гьабурай гьайбатай эбел.
Сардал дие гIоло гIемер рорчIарай,
Рехиларо дица дур адаб-хIурмат!

*Мажудинова Мариям, 10 «Б» класс.*




# Авар мацI!

Авар мацIалда цо-цо рагIабазда жанир рахчун ратула цоги батIияб магIнаялъул рагIаби. Босизин махх абураб рагIи. Ругел бакIазда хIарпалги тун, хIалбихьизин гьеб рагIи бикь-бикьизабизе:

Ма,
Мах,
Махх,
Ах,
Ахх.



Гьедин цо махх абулеб рагIулъ нилъеда батана щуго рагIи.

Гьанже нужго лъугьун цIадалхIама абураб рагIулъ балагье анкьго батIияб рагIи. Гъоркьехун рахъарал ункъбокIоназда жаниб цо-цо хIарпги лъун, хъвай гьел рагIаби.

1. ЦIадалхIама
2. ЦIадалхIама
3. ЦIадалхIама
4. ЦIадалхIама
5. ЦIадалхIама
6. ЦIадахIама
7. ЦIадалхIама
8. ЦIадалхIама
9. ЦIадалхIама






## *Математика*

1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9. Гьел тарихаздаса босун цо-цо тарих лъе цо-цо ункъбокIоналда жаниб, гIодобеги гIебедеги цоцазде журайдал хIасил 15 кколедухъ.



# Кинидахъ кечI





## ВАСАСЕ

Веэдун цIавуцIдулев,
ЦIункIани велъанхъулев,
Нижер МухIамад гIадин
ЦIодорав вас вугодай?

Къураб карщги кваналев,
ТIураб рахьги гьекъолев,
ГьевгIан гIамал берцинаб
Цоги лъимер бугодай?

Ахх бачани вегулев,
Вегаравго кьижулев,
Нижер МухIамад гIадин
ГIадилав вас вугодай?

Ватаниги, дир бурутI,
Дуде гьев вахунаро.
Ваханиги, дир хирад,
Хиралъиларо мунгIан.

# БичIчIи лъикIаб жо

Цо пуланаб магIарул росулъ вукIун вуго жамагIатго жиндир рагIухъ гIенеккулев чи. Гьесда цIарги букIана ЦIодорав ГIали абун. ЦIодорав ГIалиги гьесулго мадугьал ГIумарги щибаб къоялъ бакъанил гIужалъ росдал рагIалдеги рачIун, гьенир ганчIазда гIодорги чIун, гIумруялъулги, гIадамазулги, гIаданлъи-гIадатлъиялъулги бицун, харбида рукIунаан. Гьездаго цадахъ гьениве вачIун чIолаан ХIабтIи ГIиса абун, кьварун вакъварав мискинчиги. Цо нухалъ ЦIодорав ГIалица ХIабтIи ГIисадехунги вуссун абуна:

- Ле гьудулавчи ХIабтIи ГIиса, дунги гьав ГIумарги гьанире росдал рагIалде рачIуна рохьдода дандчIвазе, цощина нижерго хIайван рохьдодаса тIун нахъа хутIун батани, гьелда хадур рахъине. НикIкIитIе хьвагIизе рачI бугеб жо рокъоб гьечIев мунгIаги гьаниве щай хьвадулев? – абун.

- Нужер харбихъ гIенеккизе дунги вачIунаха, - ян кIалъанила ХIабтIи ГIиса.

- Харбазухъ гIенеккун гIумру тIамизе бегьилищ? – ан семанила ЦIодорав ГIали мискинчиясде.

ЦIакъ квеш букIанила, рекIелъ хечлъун къанила ХIабтIи ГIисада дол рагIаби. Гьеб къоялдаса нахъе цо лахIзат гIадада биччачIого хIалтIанила гьев хъизан-рукъалъул магIишат рукIалиде бачинелъун. Лъабго-ункъго сонидасан ресалда вугев, гIи-боцIул бетIергьанлъун лъугьанила ХIабтIи ГIиса.

Жинда мискинлъиялъул рогьо банин ккун, кIиго соналъ ракIхун кIалъачIила ХIабтIи ГIиса ЦIодорав ГIалигун. Жинда яхI бижизабурав чийилан, гьанже ГIисае баркала кьезеги лъугьанила гьев.

- КватIун бичIчIаниги, бичIчIи цIакъаб жо бугоха, - ян гьимулаанила ЦIодорав ГIали баркалаби кьезе ХIабтIи ГIиса лъугьаравго.



# Расандизе рикIкIунел

## Абури-чара





Абури-чара, чумада квацIи,
Колода чуял, чакуда гIиял,
ГIурдада хурдул, харилъе тIугьдул,
ТIогьазда накIкIал, кIкIалабахъ цурдул.

Абури-чара, чарчураб чохтIо,
Чумада квацIи, цIахIилаб тIагъур,
ТIагъур лъезе вас Чалабиласе,
ЧохтIо къазе яс Малачиласе.

Абури-чара, чумада квацIи,
ГIалил ПатIимат пударила жо,
ПатIинахъатун, хъат чIвала жо,
Хъатумеседо нах чIвала жо.

Абури-чара чед бежулеб кор,
Чумада квацIи гIатI ххунеб гьобо.
ГIатI бугони чедила,
Чед бугони чийила.



# РАГIИКЪОТIАЛ

## № 1

*ГIЕБЕДЕГИ ГIОДОБЕГИ:*

1. Пихъ?
2. Росдал цо бутIа?
3. ХIетIе боси?
4. ТIоцебесеб гIараб хIарп?




## № 2

1. Ханасул яс?
2. Адаб?
3. Пихъ?
4. Мурад, хиралъи?




## № 3

*ГIЕБЕДЕ:*

1. МухIамад аварагасе битIула..?
4. ЧчугIа кколеб алат?
6. Жаниса хъатан абизе абула ...хъат-ан?
7. Футболалъухъ балагьулез ахIула ... - ян?
8. ГъветI?
9. Хирияб моцI?

*ГIОДОБЕ:*

1. Чай гьалулеб тIагIел?
2. ГIакъилаб калам?
3. РикIкIаде кIалъазе хIажалъула гьеб?
4. ЧIар, хер лъолеб бакI?
5. ЦIулада букIунеб согIаб бакI?
9. ВачIина гIаксалда?



# КЬИЦАБИ

Лъимал гьечӀеб рукъ – лъим бегараб гьобо.
Эбел-инсул хӀурмат тарав – халкъалъе басралъула.
БетӀер бугони, тӀагъур камулареб.
Гъира гьечӀеб квалквади – къасд гьечӀого чӀамчӀади.

# БИЦАНКӀА

Азбар бакьулъ гӀарахъ, цебехун лъен, нахъехун жул?






# СОКОЛЕНОК
# №6/2013

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

Учредитель
Правительство Республики Дагестан.

Журнал зарегистрирован федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций.
Регистрационный номер ПИ №ТУ5-0025 от 21 мая 2009 г.

Издается с января 1980 г.



Главный редактор
М. АХМЕДОВ

Редколлегия:
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
И. ДИБИРОВ
Т. ЗУРГАЛОВА (ответ. секретарь)
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ
М. ХИРИЯСУЛАЕВ (редактор выпуска)

Худ. редактор З. ДАГАНОВ
Тех.редактор Т. ЛУЗИНА
Художник номера М. МУТАЛИБОВ
Художник обложки О. АЛИЕВ



Сдано в набор 24.09.2013г.
Подписано в печать 25.11.2013г.
Уч. изд. л. 3,55
Ус. печ. л. 2,79
Формат 60 х 84 1/8
Тираж 1835 экз.
Заказ № 455

ГУП Республиканская газетно-журнальная типография
г. Махачкала, пр. Петра I, 61

Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и «Литературный Дагестан»
367025, г. Махачкала, ул.Даниялова 55.

Аварский язык.

Индексы: на год-63277,
на полугодие-73902.